Pou Piblikasyon Imedya: 23/12/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE PLIS PASE 225 MILYON DOLA POU PWOJÈ PWOTEKSYON KALITE DLO NAN TOUT ETA A

Yo te bay 197 milyon dola pou pwojè k ap benefisye kominote jistis anviwònmantal yo

Finanse pou modènize enfrastrikti dlo ki vye, abòde fosfò epi redwi frekans konbat pwoliferasyon alg ki danjere yo, pwoteje dlo potab, epi anpeche kontaminasyon potansyèl

W ap jwenn lis konplè sibvansyon yo disponib isit la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay plis pase 225 milyon dola pou 165 pwojè pou amelyore kalite dlo yon fason sinifikatif atravè eta a. Sibvansyon yo sipòte pwojè ki pral ede pwoteje dlo potab, modènize enfrastrikti dlo ki vye, redwi kontribitè nan pwoliferasyon alg ki danjere, ak amelyore abita akwatik nan kominote yo nan tout eta a. Plis pase 197 milyon dola nan finansman pral sipòte amelyorasyon nan kalite dlo nan kominote Jistis Anviwònmantal ke polisyon nan anviwònman an te afekte yon fason ki pa pwoposyonèl.

"Chak moun merite aksè ak dlo pwòp—se poutèt sa Nouyòk ap aplike yon estrateji konplè pou finanse amelyorasyon ak ranplasman enfrastrikti ak lòt envestisman jenerasyonèl ki asire pwoteksyon alontèm mas dlo yo", **Gouvènè Hochul te deklare.**"Konsantre sou kominote jistis anviwonmantal ki depi lontan sibi pi gwo polisyon nan anviwònman an ede plis sipòte kominote ke yo istorikman te neglije pandan n ap ede pwoteje sante yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Atravè pwogram sibvansyon Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (Water Quality Improvement Project, WQIP) Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk la, pwojè sa yo pral dirèkteman amelyore kalite dlo oswa abita akwatik, ankouraje rediksyon risk inondasyon, restorasyon, ak amelyore rezistans inondasyon ak klima, oswa pwoteje yon sous dlo potab. Pwojè adisyonèl atravè Sibvansyon pou Planifikasyon Sous ki Pa Idantifyab Non-agrikòl ak Katografi Rezo Egou Separe Minisipal (Non-Agricultural Nonpoint Source Planning and Municipal Separate Storm Sewer System Mapping Grant, NPG) sipòte pwojè ki ede peye pou planifikasyon inisyal pwojè amelyorasyon kalite dlo sous

non-agrikòl ki pa idantifyab, tankou ranplasman ponso ki pa gen bon dimansyon ak teknoloji enfrastrikti vèt, ak katografi egou dlo lapli ki dwe gen pèmi Eta a nan zòn iben yo. Pwojè sa yo pral redwi kantite dlo lapli ki polye ki antre nan lak, rivyè, ak kouran dlo, epi amelyore rezistans kont enpak chanjman klimatik.

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal la, Sean Mahar, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul la, Eta Nouyòk kontinye priyorize envestisman nan dlo pwòp. Prim jodi a ki gen plis pase 225 milyon dola pral sipòte pwojè entegral nan pwoteksyon sante piblik ak anviwònman an. Anplis, dola sa yo konsantre sou envèstisman pou avanse amelyorasyon enfrastrikti dlo nan kominote ki defavorize yo, bay finansman an kote li kapab fè pi byen ak ede zòn ki gen plis bezwen yo."

Finansman WQIP ak NPG fè pati Faz XIV Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la. Pwosesis REDC la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè rejyonal yo nan devlope plan estratejik ak priyorite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Aplikan yo te itilize Aplikasyon pou Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) Nouyòk la, ki se sèl aplikasyon eta a pou resous eta a yo, ki gen ladan pwogram pou plizyè ajans. Li fèt pou bay aksè akselere ak senplifye ak yon seri fon sibvansyon ak kredi enpo konbine ki soti nan plizyè douzèn pwogram ki egziste deja.

Se Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a, Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Act, CWIA), ak Lwa sou Obligasyon pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik 2022 (Lwa sou Obligasyon an), ak Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) la ki te sipòte seri prim WQIP sa aa atravè Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Agency, EPA) Etazini an.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Aksè ak dlo pwòp pou bwè ak sistèm dlo modèn yo fondamantal. Kounye a, y ap enjekte 3.4 milyon dola nan finansman federal ap pou kenbe Glens Falls ak Long Island Sound pwòp gras a Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bilateral nou an ak Pwogram Basen Lak Champlain lan. Dola sa yo pral bay kominote yo resous yo bezwen pou pwoteje dlo potab, amelyore sistèm egou ak pwoteje kont inondasyon pandan y ap kreye travay, travay, travay. Mwen fyè pou m bay gwo finansman sa a epi mwen rekonesan pou patenarya Gouvènè Hochul nan batay pou chanje enfrastrikti dlo eta a ki aje, kreye travay ki byen peye pou Nouyòkè yo, epi kenbe kominote nou yo an sekirite ak an sante."

Pwojè WQIP yo enkli amelyorasyon tretman dlo ize minisipal yo, rediksyon ak kontwòl sous dlo ki pa idantifyab ak non-agrikòl, pwojè akizisyon tèren pou pwoteksyon dlo sous, konstriksyon depo sèl, kamyon aspiratè pou zòn minisipal sistèm egou dlo lapli apa (municipal separate storm sewer system, MS4) yo, reparasyon sekirite baraj, reyabilitasyon ak eliminasyon baraj, restorasyon koneksyon akwatik, restorasyon abita maren, ak restorasyon ak amelyorasyon abita pwason ak bèt sovaj. Eta Nouyòk

kontinye priyorize finansman pou pwojè ki ka ede diminye frekans pwoliferasyon alg danjere (harmful algal blooms, HABs).

Prèske mwatye nan sibvansyon WQIP ak NPG yo bay, ki totalize apeprè 102 milyon dola, pral sipòte pwojè nan basen vèsan yo konnen ki te sibi HAB nan senk ane pase yo swa ede egzekite yon pwojè ki idantifye nan yon Plan Aksyon HAB DEC. Yon total $15 milyon pral aplike pi bon pratik jesyon depo sèl ak rediksyon sèl sou wout yo.

Jan Gwoup Travay sou Rediksyon Sèl sou Wout Adirondack (Adirondack Road Salt Reduction Task Force) te rekomande a, DEC ak Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a te kolabore pou enkli aktivite ki diminye aplikasyon sèl sou wout yo pou ede pwoteje sante piblik ak anviwònman an, tankou ekipman pou fabrike dlo sèl ak tank depo dlo sèl ak modènizasyon chasnèj ak lam ak bò vif, oswa ak fliks segmante, pwoteksyon chasnèj, ekipman pou epapiye dlo sèl ki monte sou kamyon, ak detèktè GPS.

Pwen esansyèl pwojè yo
Ou ka jwenn lis konplè benefisyè WQIP yo nan www.dec.ny.gov/get-involved/grant-applications/wqip-program ak kèk pwen esansyèl nan 127 pwojè WQIP ak 38 pwojè NPG yo enkli:

Long Island
Vil Shelter Island: 260,000 dola pou kontwòl eleman nitritif nan mas dlo
Vil la pral enstale kontwòl nan mas dlo nan Fresh Pond, yon basen etan ki ranpli avèk dlo soutèren ak dlo lapli. Pwojè a pral amelyore kalite dlo anndan an nan retire fosfò nan sediman letan lè l sèvi avèk retrè ipolinetik epi li pral retounen dlo trete a nan letan an.

Vil Nouyòk
Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal Vil Nouyòk la - 15 milyon dola pou Rediksyon Debòdman Egou Konbine
Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal Vil Nouyòk la pral konstwi amelyorasyon nan devèswa egou Hunts Point pou diminye debòdman egou konbine yo epi amelyore kalite dlo Rivyè Bronx la.

1653 Foundation, Inc. - 549,955 dola pou Retablisman Abita Natirèl
1653 Foundation pral retabli rivaj ki degrade nan Halesite Park sou rivaj lès Huntington Harbor. Pwojè a pral retire yon dig ki defayan pou elaji abita nan dlo ki pa fon, enstale yon sèy anwòch bò kòt ak resif zuit, epi elaji vejetasyon marè sale ak plantasyon nan mòn yo.

Mid-Hudson
Riverkeeper, Inc. - 2,500,000 dola pou retire Baraj
Riverkeeper pral retire Baraj Lak Crystal la nan vil Highland. Eliminasyon an pral pwoteje kay, wout, ak ray tren yo an aval inondasyon potansyèl yo.

Westchester Land Trust, Inc. - 1,610,846 dola pou Pwoteksyon Dlo Potab Croton lan
Yo pral akeri plis pase 81 ekta tè pou pwoteje sous dlo potab Vil Nouyòk yo. Westchester Land Trust pral achte pasèl tè ki pa devlope nan vil Southeast pou sipòte pwoteksyon dlo sous yo.

Vil New Castle - 325,000 dola pou nouvo kamyon aspiratè
New Castle pral achte yon kamyon aspiratè pou netwaye basen kaptaj yo pi vit pase ak ekipman aktyèl yo. Nouvo kamyon an pral ogmante kapasite ak atachman pou ede nan netwaye basen yo, sa k ap pèmèt vil la satisfè obligasyon li yo ke MS4 otorize.

Rejyon Kapital
Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo nan Konte Warren - 141,200 dola pou kontwòl ewozyon ak sediman bò wout
Konte Warren pral aplike yon pwogram kontwòl ewozyon ak sediman nan tout wout la. Pwogram nan pral itilize idwo-semans pou estabilize apeprè 6 ekta tè wout tè ki denide nan fose yo epi pran sediman ak debri ki erode. Sa ap diminye ewozyon epi pwoteje kalite dlo nan basen vèsan Lake George ak Upper Hudson yo.

North Country
Vil Rome - 1 milyon dola pou Retablisman Baraj
Rome pral estabilize ak repare Boyd Dam, ki kenbe rezèv dlo prensipal Rome lan ak lòt kominote yo. Reparasyon yo pral gen ladan travay beton ak amelyorasyon nan dig an tè a.

Vil St. Armand - 1 milyon dola pou Amelyorasyon Etablisman Tretman Dlo Ize
Vil la pral amelyore etablisman tretman dlo ize li yo lè li ajoute yon sistèm dezenfeksyon, sa k ap amelyore kalite dlo Sumner Brook ak Rivyè Saranac.

Mohawk Valley
Vil Stark - 500,000 dola pou Nouvo Etablisman Depo Sèl
Vil Stark pral konstwi yon etablisman depo sèl pou kouvri pil sèl ki ekspoze kounye a. Etablisman pral pwoteje Otsquago Creek ak basen vèsan Rivyè Mohawk la.

Vil Oneonta - 337,600 pou rekonekte Fish Passage
Vil la pral ranplase de ponso ki pa gen ase dimansyon epi ki pèche nan Oneonta Creek. Ranplasman sa yo pral ogmante kapasite ekoulman pou ankouraje rezistans inondasyon ak retabli pasaj òganis akwatik nan sous dlo Rivyè Susquehanna.

Sant Nouyòk
Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo nan Konte Cayuga - 400,000 dola pou Estabilizasyon Litoral
Distri Konsèvasyon Tèren ak Dlo Konte Cayuga pral konplete yon pwojè estabilizasyon litoral pou estabilize ak pwoteje 914 mèt (3,000 pye) litoral nan vil Springport ak Aurelis. Pwojè a pral redwi ewozyon ak chajman eleman nitritif nan Lak Cayuga a.

Southern Tier

Konte Chemung - 10 milyon dola pou Rediksyon Eleman Nitritif nan Enfrastrikti Tretman Dlo Ize

Konte Chemung pral konplete amelyorasyon kòm yon pati nan pi gwo pwojè Konsolidasyon Distri Egou Konte Chemung, ki gen ladann deklasman Izin Tretman Dlo Ize (Wastewater Treatment Plant WWTP) Lake Street la ak transpòte ekoulman nan WWTP Milton Street la. Pwojè a pral redwi kantite eleman nitritif k ap antre nan Rivyè Susquehanna ak basen vèsan Chesapeake Bay la.

Vilaj Waverly - 75,000 dola pou Evalyasyon Koridò Dry Brook Stream lan

Vilaj Waverly pral fè yon evalyasyon konplè sou koridò rivyè Dry Brook apre yo fin ewozyon bèj yo ak miray soutènman yo te mete kay yo ak enfrastrikti piblik yo an danje. Evalyasyon an pral fè envantè zòn ewozyon rivyè yo pou aplike pwojè pou redwi chajman sediman epi pwoteje sekirite piblik la.

Finger Lakes

Ducks Unlimited, Inc. - 252,436 dola pou Restorasyon Marekaj

Ducks Unlimited, Inc., pral restore yon marekaj nan Zòn Jesyon Bèt Sovaj Owasco Flats la toupre vil Moravia. Pwojè a pral bay abita pou zwazo migratwa ak lòt bèt sovaj, sa k ap ede bese enpak inondasyon an aval, epi amelyore kalite dlo a.

Distrik Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo yo nan Konte Ontario - 250,000 dola pou Rediksyon Sèl sou Wout la

Distrik Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo yo nan Konte Ontario pral achte lam chasnèj ak bò natirèl, aparèy kontwòl aplikasyon sèl, ak ekipman siveyans move tan pou diminye aplikasyon sèl. Pwojè a pral pwoteje kalite dlo nan basen vèsan Finger Lakes la.

Lwès Nouyòk

Vil Mina - 10 milyon dola pou Etablisman Tretman Dlo Ize ak yon Sistèm Koleksyon

Vil la pral konstwi yon nouvo etablisman tretman dlo ize ak sistèm koleksyon egou sanitè pou retire pwopriyete yo nan sistèm sou plas ki andomaje yo. Pwojè a pral redwi kantite fosfò k ap antre nan Lak Findley la.

Konte Erie – 400,000 dola pou Katografi Entèmedyè Kowalisyon Dlo Lapli nan Lwès Nouyòk

Konte Erie pral fasilite katografi zòn MS4 Kowalisyon Dlo Lapli nan Lwès Nouyòk la Pwojè sa a pral konsantre sou konplete katografi eleman entèmedyè nan zòn MS4 atravè konte Erie ak Niagara.

Sous finansman

Lwa sou Obligasyon an, EPF, ak CWIA te sipòte seri prim WQIP sa yo; NPG jwenn sipò EPF la. Bidjè yo Adopte pou 2024-25 Gouvènè Hochul la sipòte EPF la avèk 400 milyon dola istorik. EPF bay finansman pou pwogram anviwònmantal enpòtan yo tankou acha teren, pwoteksyon tè agrikòl, redwiksyon HAB yo, prevansyon ak eliminasyon espès

anvayisant, aksè ak pi bon lwazi, amelyorasyon kalite dlo ak yon pwogram agresif nan zafè jistis anviwònmantal. Etid Long Island Sound la te bay finansman Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la ak Pwogram Basen Lak Champlain lan te bay finansman atravè EPA a ki te sipòte tou plizyè pwojè nan pake sa a.

Angajman Nouyòk pou Dlo Pwòp
Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal 4.2 milya dola a ke elektè yo apwouve, k ap fè avanse nivo finansman istorik pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen yo epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi bese emisyon ki chanje klima yo, retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Pou eksplwate envestisman sa yo epi asire kowòdinasyon ki kontini ak gouvènman lokal yo, ane pase a Gouvènè a te lanse Ekip Asistans Kominotè a pou fè sansibilizasyon ki pwo-aktiv pou ti kominote riral epi ki defavorize yo epi ede yo jwenn aksè nan èd finansye pou reponn a bezwen enfrastrikti dlo pwòp pa yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou efc.ny.gov/CAT.

Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide
Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. Pwosesis CFA (Consolidated Funding Application) a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwen dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Aprann plis sou CFA isit la.

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo
Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou envestisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenant nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantal yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason Nouyòk envesti nan travay ak kwasans ekonomik lè yo mete an plas yon apwòch kominotè, asandant epi etabli yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. W ap jwenn plis enfòmasyon nan regionalcouncils.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU